


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Panalungtikan ieu ngagunakeun pamarekan kualitatif nu sipatna déskriptif. Aya sababaraha hal nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan, di antarana: (1) tatahar, nangtukeun masalah nu jadi kasang tukang dina ieu panalungtikan; (2) nangtukeun tujuan panalungtikan; (3) ngumpulkeun data, maca kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* katut ngumpulkeun data-data nu aya patalina jeung panalungtikan; (4) nganalisis data-data nu geus kakumpul ti sababaraha sumber panalungtikan; (5) ngolah data; (6) nyusun laporan. Anapon baganna di gambarkeun di handap.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan


Sumber data panalungtikan mangrupa kedaling atawa wangun basa anu dipaké ku panyatur pikeun nepikeun gagasan atawa pikiranna nu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata nu munggaran medal dina taun 1985 ku Rahmat Cijulang.

Aya dalapan subjudul dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, nu ngawengku: (1) *Jang Oman*, (2) *Kanyaah Kolot*, (3) *Néng Yaya*

Gering Tipés, (4) Jurig Bungkeuleukan, (5) Buah Limus Murag ku Angin, (6) Nganti-Nganti Dawuh, (7) Kanyaah, jeung (8) Naib Cidahu.

Tina éta data, dianalisis kedaling pragmatik kalimah (wujud, aspék, jeung wanda) nu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

3.3 Prosedur Panalungtikan



Bagan 3.2 Prosedur Panalungtikan

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik ulikan pustaka. Nurutkeun Moeloeng (2015:159) ulikan pustaka mangrupa bahan tambahan nu asalna tina sumber tinulis saperti buku jeung majalah ilmiah, sumber tina arsip, dokumén pribadi, jeung dokumén resmi.

Dumasar kana pedaran di luhur, kawangun léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data panalungtikan saperti di handap ieu:

- a. Nangtukeun sumber data, nyaéta kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.
- b. Maca kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata kalawan gembheng.
- c. Nyirian kalimah-kalimah nu ngandung unsur-unsur kedaling pragmatik kalimah.
- d. Nyalin sakabéh kedaling pragmatik kalimah nu kapanggih kana kartu data digital.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan nu dilaksanakeun jadi sistematis. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan pikeun nyalin sakabéh data nyaéta kartu data digital. Kartu data digital digunakeun pikeun nyalin sakabéh aspék kedaling nu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Hal-hal nu aya dina kartu data digital ngawengku judul buku, bagian carpon, kaca buku, cutatan dialog tokoh, wujud, aspék jeung wanda kedaling pragmatik kalimah dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Sangkan leuwih jéntré, ébréh dina gambar di handap ieu.

Tabél 3.1 Conto Kartu Data

Kalimah
“Sareng saha Kang Man? Nyandak naon kanggo Mimin? Teu nyimpang ka Ceu Émi di Ciamis?” (KK/1/21/6)

Keterangan:

KK : Kanyaah Kolot

Mutiara Hikmawati, 2023

KEDALING PRAGMATIK KALIMAH DINA KUMPULAN CARPON KANYAAH KOLOT KARYA KARNA YUDIBRATA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1 : Bagian Carpon
 21 : Kaca Carpon
 6 : Paragraf

Dumasar kana conto kartu data di luhur, satuluyna disusun format analisi data saperti ieu di handap.

Tabél 3.2 Data Kedaling Pragmatik Kalimah

Nomer Data	Kalimah
(001)	“Sareng saha Kang Man? Nyandak naon kanggo Mimin? Teu nyimpang ka Ceu Émi di Ciamis?” (KK/1/21/6)

Keterangan:

(001): Nomer data

KK : Kanyaah Kolot

1 : Bagian Carpon

21 : Kaca Carpon

6 : Paragraf

Tabél 3.3 Papasingan Wujud Kedaling Pragmatik Kalimah

No Data	Kalimah	Wujud Kedaling Pragmatik Kalimah			
		1A	1B	1C	1D
(001)	“Sareng saha Kang Man? Nyandak naon kanggo Mimin? Teu nyimpang ka Ceu Émi di Ciamis?” (KK/1/21/6)		✓		

Keterangan:

KK : Kanyaah Kolot

1 : Bagian Carpon

21 : Kaca Carpon

6 : Paragraf

1A : Wawaran (*Déklaratif*)

1B : Pananya (*Intérogatif*)

1C : Paréntah (*Imperatif*)

1D : Panyeluk (*Aklamatif*)

Tabel 3.4 Papasingan Aspék Kedaling Pragmatik Kalimah

No Data	Kalimah	Aspék Kedaling Pragmatik Kalimah					
		2A	2B	2C	2D	2E	2F
(001)	“Sareng saha Kang Man? Nyandak naon kanggo Mimin? Teu nyimpang ka Ceu Émi di Ciamis?” (KK/1/21/6)	✓					

Katerangan:

KK : Kanyaah Kolot

1 : Bagian Carpon

21 : Kaca Carpon

6 : Paragraf

2A : Aspék Sosialisasi

2B : Aspék Sikap Inteléktual

2C : Aspék Émosi

2D : Aspék Informasi Faktual

2E : Aspék Moral

2F : Aspék Ngungkulan Masalah

Tabel 3.5 Papasingan Wanda Kedaling Pragmatik Kalimah

No Data	Kalimah	Wanda Kedaling Pragmatik Kalimah	
		3A	3B
(001)	“Sareng saha Kang Man? Nyandak naon kanggo Mimin? Teu nyimpang ka Ceu Émi di Ciamis?” (KK/1/21/6)	✓	

Katerangan:

KK : Kanyaah Kolot

1 : Bagian Carpon

21 : Kaca Carpon

6 : Paragraf

3A : Omongan Langsung Literal

3B : Omongan Teu Langsung Literal

3.6 Téknik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, data nu dianalisis nyaéta kedaling pragmatik kalimah nu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

Léngkah-léngkah dina nganalisis ieu data panalungtikan nyaéta:

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan data;
- 3) Nganalisis wujud, aspék, jeung wanda kedaling pragmatik kalimah naon waé nu nyampak dina carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata;
- 4) Ngadéskripsikeun wujud, aspék, jeung wanda kedaling pragmatik kalimah dina carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata;
- 5) Napsirkeun kedaling pragmatik kalimah dina carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata;
- 6) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data.